



Pou Piblikasyon Imedya: 24 oktòb 2014

**GOUVÈNÈ ANDREW CUOMO AK GOUVÈNÈ CHRIS CHRISTIE ANONSE PWOTOKÒL TÈS DEPISTAJ
ADISYONÈL POU EBOLA NAN AYEWOPÓ JFK AK NEWARK LIBERTY INTERNATIONAL**

***Etap yo gen ladan karantèn obligatwa pou moun yo kap bay sèvis medikal a pasyan yo ki gen Ebola
nan Liberia, Sierra Leone, oswa Guinea***

Gouvènè Andrew M. Cuomo ak Gouvènè Chris Christie jodia te anonse pwotokòl tès depistaj adisyonèl pou Ebola nan toulède ayewopò yo JFK and Newark Liberty International:

- Pral gen aksè nan tan reyèl pou tès sou plas nan ayewopò JFK ak Newark Liberty International pa anplwaye nan departman sante New York ak New Jersey;
- Departman sante chak Eta nan ayewopò JFK ak Newark Liberty International pral, jan li otorize dapre aplikasyon lwa a, fè pwòp jijman l kanta ospitalizasyon, karantèn, ak lòt entèvansyon sante piblik pou jiska 21 jou. Pral genyen egalman yon karantèn obligatwa pou nenpòt moun ki gen kontak dirèk avèk yon moun ki te enfekte avèk viris Ebola nan youn nan twa peyi nan lwès Afrik (Liberia, Sierra Leone, oswa Guinea), sa ki gen ladan nenpòt pèsònèl medikal ki te bay sèvis medikal a moun yo ki te enfekte avèk viris Ebola. Anplis, tout moun ki gen istwa vwayaj nan rejyon ki afekte nan lwès Afrik yo, men ki pa gen kontak dirèk avèk yon moun ki enfekte, ofisyèl nan departman sante piblik yo pral kontwole moun sa yo aktivman, si nesèsè, mete yo an karantèn, depannde enfòmasyon ak sikonstans nan sitiyasyon spesyal yo.
- New York ak New Jersey ap etabli pwotokòl kominikasyon ranfòse yo ant departman sante respektif eta yo pou kowòdone sou kesyon yo ki gen rapò a rezidan vwayajè yo nan New York ak New Jersey ki vwayaje nan Newark ak JFK;
- Sant Kontwòl pou maladi (CDC) ak Patwouy kontwòl fwontyè a (CBP) pral bay enfòmasyon a departman sante respektif Eta New York ak New Jersey sou tout tès nan yon baz tan reyèl epi bay yon rapèl chak jou sou kondisyon tès depistaj jou a ak detèminasyon CDC

“Depi li te antre nan administrasyon an, mwen te twonpe sou kote prekosyon an lè li kesyon de sekirite ak pwoteksyon Nouyòkè yo, e sitiyaasyon aktyèl la osijè Ebola pa pral diferan,” te deklare Gouvènè Cuomo. “Aksyon yo New York ak New Jersey ap pran jodia pral ranfòse pwoteksyon nou pou pwoteje rezidan nou yo kont maladi sa a epi ede asire ke yo trete moun yo ki te ka enfekte avèk Ebola avèk pi wo nivo pwoteksyon. Mwen vle remèsye Gouvènè Christie ansanm avèk ekip li a pou espri kolaborasyon yo. Sitiyaasyon sa a se yon evolisyon men se youn kap teste kapasite gouvènman pou pèfòme e jan nou te konn fè l nan tan lontan lè nou te konn rankontre menm kalite difikilte sa yo, nou pral fè tout sa ki nesèsè pou mete sante ak sekirite moun yo anvan.”

“Mwen te klè ke nou pral pran nenpòt aksyon ki nesèsè pou pwoteje sante piblik moun New Jersey se sa egzakteman efò konjwen avèk Gouvènè Cuomo pral fè avèk lòt tès depistaj ak standa elve pou karantèn,” te deklare Gouvènè Christie. “Nan mande pou ranfòse mezi sa yo, nap asire ke yo idantifye nenpòt ka sispèk touswit epi efikasman, e yo egzèkute pwoteksyon apwopriye.”

Gouvènè Cuomo egalman te anonse lansman yon nouvo liy enfòmasyon eta pou reponn a kesyon sante piblik Nouyòkè yo sou Ebola. Liy enfòmasyon an gratis e operatè antrene yo disponib pou reponn a kesyon piblik la 24 èdtan pa jou, sèt jou pa semèn. Nimewo liy enfòmasyon an se 1-800-861-2280. Li enpòtan pou remake ke liy sa etabli pou bi enfòmasyon sante piblik sèlman. Si yon moun bezwen atansyon medikal, yo ta dwe rele founisè swen sante yo oswa 9-1-1 touswit.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

We Work for the People
Performance * Integrity * Pride